

Fich Enfòmasyon pou Machaswiv pou Itilizasyon Dijans (EUI) pou Benefisyè ak pou Responsab swen yo: Oseltamivir pou Anpeche oswa pou Trete Nouvo Grip A

Y ap ba w yon medikaman ki rele **oseltamivir** (ki pwononse 'o-sel-ta-mi-vir'), ki rele tou Tamiflu®, pou anpeche oswa pou trete maladi yon nouvo grip lakòz. Nan fich enfòmasyon sa a, nouvo grip siyifi yon enfeksyon avèk yon viris grip A pandemik oswa viris yon nouvo grip A ki gen potansyèl pandemik. Se ou k ap chwazi si wi ou non w ap pran oseltamivir. Lè w pran medikaman sa a, li ka ede w anpeche oumenm oswa timoun ou vin malad si non ekspoze ak yon nouvo viris grip oswa li ka fè nou refè pi vit si nou gen sentòm grip la. Si w gen kesyon, pale ak yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen sante konsènan fason pou resevwa oseltamivir. Fich enfòmasyon sa a bay machaswiv pou itilizasyon oseltamivir pou nouvo grip ki ale pi lwen pase etikèt li ([avi ki vini avèk medikaman an](#)) ki gen apwobasyon Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (U.S. Food and Drug Administration, FDA).

Kisa Machaswiv pou Itilizasyon Dijans ye (Emergency Use Instructions, EUI)?

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pibliye EUI yo pou bay enfòmasyon sou sèten itilizasyon dijans pou pwodui medikal FDA apwouve ki pa ka fè pati oswa ki diferan nan yon fason kèlkonk ak enfòmasyon yo bay sou etikèt FDA apwouve ([avi ki vini avèk medikaman an](#)). EUI yo fèt avèk yon Fich Enfòmasyon pou Founisè Swen Sante yo epi yon Fich Enfòmasyon pou Benefisyè ak Responsab Swen yo.

Poukisa CDC pibliye EUI pou oseltamivir?

FDA Etazini apwouve oseltamivir pou tretman maladi grav toudenkou, ki san konplikasyon akòz enfeksyon grip A ak B kay pasyan ki gen laj 2 semèn oswa plis ki gen sentòm pandan pa plis pase 48 èdtan. FDA apwouve li tou pou pwofilaksi (prevansyon) enfeksyon grip A ak B kay pasyan ki gen laj 1 lane oswa plis. CDC ap pibliye EUI an pou bay enfòmasyon sou oseltamivir pou trete ak anpeche nouvo grip ki pwolonje pi lwen itilizasyon li ki gen apwobasyon FDA, sa gen ladan sèten pasyan, dòz ak dire itilizasyon oseltamivir ki pa dekri nan etikèt FDA apwouve a.

Kisa nouvo grip la ye?

Nan fich enfòmasyon sa a, nouvo grip siyifi enfeksyon viris grip A lakòz ki diferan ak viris grip sezon moun genyen kounye a epi ki nan sikilasyon resaman. Nouvo viris grip la anjeneral sikile nan pami bèt yo. Sepandan, viris nouvo grip yo, ka chanje nan fason ki fè yo ka enfekte moun pi fasilman epi apres a gen kapasite pou yo lakòz yon pandemi nan sèten sikonstans. Nouvo grip la gen kapasite pou lakòz yon maladi grav kay moun. Pou plis enfòmasyon sou nouvo grip, al gade nan [Grip Zwazo H5N1: Rezime Sitiyasyon Aktyèl la](#).

Ki siy ak sentòm nouvo grip la kay moun?

Moun ki gen nouvo grip ka gen sentòm ki sanble ak grip sezon, ki gen ladan lafyèv, tous, malgòj, nen k ap koule oswa nen bouche, doule nan kò, maltèt, frison, epi fatig. Malèz nan zye, zye woujè, ak ekoulman nan zye ka rive tou. Kèk moun ka gen dyare ak vomisman. Maladi grav ak lanmò ka rive akòz maladi ki asosye avèk nouvo grip la.

Kisa oseltamivir ye epi kimoun ki ka resevwa l?

Oseltamivir se yon medikaman sou preskripsyon FDA Etazini apwouve jan li dekri anwo la a nan seksyon "Poukisa CDC pibliye EUI pou oseltamivir?". CDC rekòmande* itilizasyon annapre la yo pou oseltamivir ki diferan oswa ki ale pi lwen pase etikèt li a ki gen apwobasyon FDA:

- Lansman tretman pi lwen pase 48 èdtan apre kòmansman sentòm yo.
- Tretman pasyan ki malad grav ki entène lopital, ansanm ak rejim tretman pi long (tankou 10 jou) ki baze sou jijman klinik.
- Pi gwo dòz total chak jou epi dire fleksib pou pwofilaksi apre ekspozisyon (Post-Exposure Prophylaxis, PEP). Rejim dòz EUI-rekòmande a, nan pifò ka, se de fwa pa jou pandan 5 oswa 10 jou kay moun ki te gen kontak pwòch avèk yon pasyan oswa bèt ki gen nouvo grip la.
- Tretman tibebe laj mwens pase 2 semèn.

* Tèm "rekòmande" a nan EUI an siyifi rekòmandasyon CDC ki ka menm oswa ki ka pa menm avèk enfòmasyon ki sou etikèt FDA apwouve a ([avi ki vini avèk medikaman an](#)) pou oseltamivir.

- PEP kay tibebe ki fenk fèt ak tibebe laj mwens pase 1 lane.
- Tretman epi rejim dòz PEP pou nouvone prematire ak pou tibebe.

Kimoun ki PA dwe pran oseltamivir?

Pa pran oseltamivir si w te gen yon reyaksyon alèjik grav anvan sa ak oseltamivir oswa nenpòt nan engredyan li yo. Oseltamivir pa rekòmande pou pasyan ki gen maladi ren nan estad tèminal ki P AP sibi dyaliz.

Kisa mwen dwe di founisè swen sante m anvan m pran oseltamivir?

Anvan w pran oseltamivir, di founisè swen sante w si w:

- gen pwoblèm pou vale kapsil yo
- gen pwoblèm ren
- gen nenpòt lòt pwoblèm medikal
- ansent oswa w planifye pou w vin ansent (enfòmasyon ki disponib yo endike oseltamivir pa ogmante risk pou gen domaj nan nesans)
- ap bay tete oswa ou prevwa pou bay tete. Oseltamivir ka pase an ti kantite nan lèt tete

Fè founisè swen sante w konnen tout medikaman w ap pran, sa gen ladan medikaman preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon, vitamin ak sipleman abaz plant.

Kijan pou mwen pran oseltamivir?

- Pran oseltamivir egzakteman jan founisè swen sante w endike w.
- Yo pran oseltamivir nan bouch swa sou fòm yon grenn (kapsil) oswa sou fòm yon likid (sispansyon oral). Dapre EUI sa a, yo dwe pran oseltamivir de fwa chak jou. Swiv machaswiv founisè swen sante w pou konnen ki kantite medikaman pou w pran oswa pou w bay timoun ou epi pandan konbyen jou.
- Kòmanse pran medikaman an byen vit dèke sa posib.
- Kapsil oseltamivir yo vini nan plizyè fòs dòz, kidonk manm diferan nan fanmi w ka bezwen fòs diferan. Pa pataje kapsil avèk manm fanmi yo, epi si w gen kesyon sou dòz ki kòrèk la, kontakte founisè swen sante w.
- Pran oseltamivir avèk nouriti oswa san nouriti. Gen mwens risk pou boulvèsman lestomak si w pran oseltamivir avèk nouriti.
- Si w rate yon dòz nan oseltamivir, pran li dèke w sonje. Si rete 2 èdtan oswa mwens anvan pwochen dòz ou a, pa pran dòz ki rate a. Pran pwochen dòz oseltamivir ou nan lè ki prevwa a. Pa pran 2 dòz anmenmtan.

Timoun ak granmoun ki pa kapab vale kapsil:

Pou timoun ak granmoun ki pa ka vale kapsil, sitou timoun laj mwens pase 1 lane, sispansyon oral oseltamivir ka disponib. Sispansyon oral oseltamivir vini avèk yon distribitè oral ki make pou 30 mg, 45 mg, oswa 60 mg. Pou dòz 75 mg, w ap gen pou w sèvi avèk distribitè oral la pou mezire yon dòz 30 mg plis yon lòt dòz 45 mg.

Si sispansyon oral la pa disponib, oumenm oswa yon famasyon oswa yon founisè swen sante ka melanje yon likid oseltamivir avèk èd kapsil gwo pou granmoun; pou fè sa, louvri kapsil la epi melanje sa ki nan kapsil la avèk likid epè dous, tankou siwo chokola regilye oswa san sik. Pou plis enfòmasyon, al gade nan [paj wèb CDC a sou ouvèti ak melanj kapsil oseltamivir avèk likid si timoun lan pa ka vale kapsil](#) epi [machaswiv videyo sou Melanj Tamiflu nan Likid Dous](#).

Ki efè segondè kouran oseltamivir genyen?

Efè segondè ki pi kouran ak oseltamivir se kèplen, vomisman, maltèt, ak doule. Kèplen ak vomisman an ka mwens grav si w pran oseltamivir avèk nouriti. Pou plis enfòmasyon, al gade nan etikèt FDA apwouve a ([avi ki vini avèk medikaman an](#)).

Ki efè segondè grav ki posib ak oseltamivir?

Gen ka ra reyaksyon alèjik ak reyaksyon grav nan po ki te rive. Si w vin gen yon reyaksyon alèjik oswa gratèl leve sou ou, **sispann** pran oseltamivir epi kontakte founisè swen sante w. Anplis, moun ki gen grip ka gen plis risk pou panse

bwouye, alisinasyon, oswa gwo chanjman nan konpòtman tankou iritabilite, anksyete, oswa konsyans redui de anviwònman yo. Pale avèk founisè swen sante w si sentòm sa yo parèt. Pou plis enfòmasyon, al gade nan etikèt FDA apwouve a ([avi ki vini avèk medikaman an](#)).

Chèche swen medikal touswit (ale nan sal dijans oswa rele 911) si w gen:

- Gòj fèmèn oswa pwoblèm pou respire
- Anflamasyon nan po bouch, lang oswa figi
- Demanjezon oswa gratèl grav leve sou ou, sitou itikè ak papil (boul wouj, anfle sou po)

Kijan pou m konsève oseltamivir?

- Kenbe kapsil oseltamivir yo sèk epi konsève yo nan tanperati anbyant ant 68°F ak 77°F (20 °C a 25 °C). Oseltamivir pou sispanasyon oral ka konsève nan frijidè pandan jiska 17 jou ant 36 °F ak 46 °F (2 °C jiska 8 °C) oswa nan tanperati chanm ant 68 °F ak 77 °F (20 °C a 25 °F) pandan 10 jou. PA konjle.
- Konsève oseltamivir kote timoun ak bèt domestik pa ka jwenn li. Rele sant kontwòl pwazon si timoun yo oswa bèt kay yo konsome medikaman an pa aksidan (1-800-222-1222).

Kijan pou mwen rapòte efè segondè yo oswa erè nan medikaman an?

Enfòmè doktè w oswa founisè swen sante w touswit epi rapòte efè segondè yo oswa erè medikaman yo bay MedWatch nan www.fda.gov/medwatch oswa 1-800-FDA-1088.

Kisa pwogram konpansasyon pou chòk kont-mezi an ye?

Pwogram Konpansasyon pou Chòk Kont-Mezi an (Countermeasures Injury Compensation Program, CICP) se yon pwogram federal ki ka ede peye frè pou swen medikal ak lòt depans byen presi pou sèten moun ki te pran chòk gravman akòk sèten medikaman oswa vaksen, ki ka gen ladan sèten pwodui oseltamivir. Anjeneral, ou dwe soumèt yon reklamasyon bay CICP nan lespas yon (1) ane apati dat ou resevwa medikaman an. Pou aprann plis sou pwogram sa a, vizite www.hrsa.gov/cicp oswa rele 1-855-266-2427.

E si Tamiflu yo te ban m lan gen yon dat ekspire?

Si yo ba w Tamiflu (non mak pou oseltamivir) avèk yon dat ki ekspire, ou dwe konnen FDA te detèmine sèten lo Tamiflu ka itilize pandan jiska 20 ane apre dat orijinal fabrikasyon yo a. Pou wè si Tamiflu ou te resevwa a ladan, chèche nimewo lo Tamiflu w lan lè w ale nan <https://aspr.hhs.gov/SNS/Pages/Access-to-Influenza-Countermeasure.aspx>. Si w gen kesyon oswa ou vle jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte otorite sante piblik oswa founisè swen sante ki te ba w Tamiflu an.

Ki lòt medikaman mwen ka pran alapas oseltamivir?

Mande founisè swen sante w enfòmasyon konsènan lòt chwa medikaman FDA apwouve ki gendwa disponib epi ki apwopriye pou ou.

Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Kontakte founisè swen sante ou
- Vizite CDC nan <https://www.cdc.gov/bird-flu/>
- Kontakte departman sante w nan nivo lokal, Eta, teritoryal oswa tribi